

OPSYON AVI ELEKTWONIK

MetroPlus Health Plan ak founisè nou yo ka voye avi konsènan otorizasyon pou sèvis, plan kontestasyon, plent, ak kontestasyon plent pa mwayen elektwonik, olye pou yo voye yo pa mwayen telefòn oswa pa lapòs. Nou ka voye kominikasyon ba ou sou gid referans manm ou an, rejis founisè nou yo, ak chanjman nan benefis jesyon swen Medicaid w ap resevwa.

Nou ka voye avi sa yo pou ou sou pòtay entènèt. W ap resevwa yon imel lè gen nouvo avi ki poste.

Si w vle resevwa avi yo pa mwayen elektwonik, ou dwe mande nou fè sa. Pou w mande pou resevwa avi elektwonik, kontakte nou nan telefòn, pa imel, sou entènèt, oswa pa lapòs:

Telefòn.....	800.303.9626 (TTY: 711)
Imel.....	help.memberexperience@metroplus.org
Entènèt.....	metroplus.org/forms/contact-us
Lapòs.....	MetroPlus Health Plan 50 Water Street, 7th fl. New York, NY 10004

Lè w kontakte nou, ou dwe:

- Di nou fason w vle resevwa avi nou abitye voye pou w ou pa lapòs yo,
- Di nou fason w vle resevwa avi nou abitye rele w pou ba w nan telefòn, epi
- Ban nou enfòmasyon pou n ka kontakte w (nimewo telefòn selilè, imel, nimewo faks, eks.).

MetroPlus Health Plan ap ekri w pou fè w konnen ou te mande pou w resevwa avi yo pa mwayen elektwonik.